Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jàng na ci ñaari ràkkay Fajar: {Xul yaa ayyuhal kaafiruuna}, ak {Xul huwal Laahu Ahad}

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jàng na ci ñaari ràkkay Fajar: {Xul yaa ayyuhal kaafiruuna}, ak {Xul huwal Laahu Ahad}.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc daan na sopp a jàng ci naari ràkkay Fajar ginnaaw Faatiha, ci ràkka bu njëkk bi saaru: {Xul yaa ayyuhal kaafiruuna}, (Alkaafiruuna), ci ràkka bu ñaareel bi saaru {Xul huwal Laahu Ahad} (Al-Ixlaas).

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/11256